

26 fevriye 2021

Chè fanmi,

Mwen swete oumenm ak fanmi w sennesof ak ansante. Mwen ekri jodia pou pataje yon nouvèl enpòtan.

Aprè twazan nan tèt DOE, m ap kite djòb Chanselye a nan mwa mas la.

Mwen boulvèse pou m kite fanmi DOE a. Se te yon onè nan karyè mwen pou m sèvi ou, epi ede lekòl pitit ou a ak tout sistèm nou an vin pi pre pou atenn tout potansyèl li. Fòs ak detèminasyon timoun ou yo—1 milyon elèv nou yo - se yon bagay ki bay anpil enspirasyon. Se sa ki te gide mwen pandan kriz san parèy sa a, epi se sa mwen pran avèk menm lè m ap kite pòs sa a. Angajman ak sipò ou te montre pou timoun ou yo, ak kominote lekòl ou yo, enkwayab.

Pandan tout karyè mwen, limyè ki gide mwen se kwayans ke edikasyon leta se egalizatè pi puisan pou timoun. Edikasyon leta ankre kominote ansanm. Edikasyon leta fè li posib pou yon timoun ki pòv, oswa k ap viv nan lojman tanporè, oswa—nan pwòp ka mwen—ki pa pale angle lè yo antre nan sistèm lekòl leta a, devlope rèv yo, epi pousuiv yo. Toutbon, se edikasyon leta ki eksprime ideyal ki pi wo nan demokrasi nou an. Tan mwen pase nan Vil Nouyòk ranfòse kwayans sa a pi plis, jan mwen te wè sa fèt anpil fwa, nan lekòl atravè tout borough yo.

Epi ansanm, nou wè prèv. Elèv klas final yo kontinye bat pwòp rekòd yo pandan pousantaj gradyasyon ak enskripsyon nan kolèj kontinye ap monte pi wo, ak pousantaj elèv ki abandone lekòl kontinye ap desann pi ba.

Noumenm tou nou te fè bon pwogrè nan demantèlman estrikti ak politik ki se pwodui plizyè dekad rasis anrasine nan vil la ak nan peyi a. Nou te travay pou defèt segregasyon epi fè konsèp "ekite" ki te yon mistè tounen yon reyalite. Chak lekòl ki pa egzamine timoun ankò pou admisyon, ak chak distri ki itilize resous DOE pou kreye plis espas pou elèv ki pa gen anpil revni, oswa elèv k ap aprann lang angle, ap konkretize misyon sa a.

Nou te pote finalman sante mantal timoun nou yo nan spotlight epi fè sa tounen yon gwo priyorite pou chak timoun ka santi yo byen akeyi yo, yo konfòtab, epi yo san danje nan salklas yo ak nan kominote lekòl la—sitou kounye a, lè anpil nan elèv nou yo ap fè fas avèk reyalite twomatizan enprevizib.

Epi, nòmalman, nan kòmansman pandemi COVID-19 la, nou transfòme pi gwo sistèm lekòl nan nasyon an nan yon bat je pou nou te ka pwoteje sante elèv, anplwaye, fanmi, ak kominote nou yo. Nou te reenvante kisa sa vle di pou anseye ak aprann nan lekòl leta Vil Nouyòk.

Pandan tan sa a, mwen te fyè pou m te bay sa ki pi bon pou timoun yo priyorite sou sa ki popilè sou plan politik. Mwen pa janm te pè pou fè konvèsasyon difisil. Mwen te toujou kwè ke nou bezwen etabli yon nivo wo pou chak elèv—epi, fè tout sa ki posib pou ede yo rive nan nivo sa a.

Oumenm, timoun ou yo, ak anplwaye devwe k ap sèvi ou yo merite ni kontinyasyon ni lidèchip vanyan nan men Chanselye k ap vini aprè a. Ou bezwen yon moun ki konnen an premye plan reyalite sou teren nan lekòl nou yo, epi ki gen talan ak lidèchip pou fini ane lekòl la byen djanm ak mennen nan direksyon pou chak timoun tounen nan bilding yo nan mwa septanm lan.

Se poutèt sa mwen fyè anpil ke youn nan lidè ki pi enpòtan nan travay sa a ap pran privilèj ak responsablite pou li vin pwochen Chanselye ou: Meisha Porter.



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

Meisha se yon veteran 20 ane nan lekòl leta Vil Nouyòk, epi kounye a li sèvi kòm Sipèntandan Egzekitif Bronx.

Nan wòl sa a, li dirije distri lekòl kominotè 7-12, ki kouvri tout borough a ak 361 lekòl li yo ak 235,000 elèv. Li se yon Nouyòkè pou tout lavi li ak yon pwodui lekòl leta nou yo ki rantre pou premye fwa nan Depatman Edikasyon kòm yon pwofesè nan lekòl Bronx School for Law, Government, and Justice— yon lekòl li te ede konsevwa. Aprè 18 an nan lekòl la, kote li te vin Direktris, Meisha te pase twa zan kòm Sipèntandan Distri 11, ki sèvi katye Pelham Parkway, Eastchester, ak Woodlawn nan Bronx.

Li te Sipèntandan Egzekitif depi 2018, epi nan tan sa a, elèv nan Bronx te reyalize pwogrè akademik enpòtan, epi lekòl yo te vin pi fò ak pi fò toujou.

Meisha se yon sòlda vanyan san parèy pou elèv nou yo ak lekòl nou yo. Li te ale ladan yo, li te anseye nan yo, li te dirije yo, epi kounye a li pral Chanselye pou yo TOUT. Okenn nan dènye Chanselye yo - mwenmenm ladan—pa t travay aktivman avèk lekòl nou yo konsa, nan moman yo te nonmen yo. Meisha pral fè bagay yo yon fason diferan, lè li pote tout eksperyans li, pase ak prezan, pou sipòte oumenm ak timoun ou yo. Ou pral tandè pi plis sou Meisha nan yon ti tan ankò, epi mwen pral travay avèk li pandan plizyè semèn kap vini yo pou asire yon tranzisyon dous ak pwodiktif.

Pi plis pase tout bagay, mwen fyè dèske mwen te sèvi ou, ak fyè anpil avèk pwogrè nou fè yo. Mwen pa konnen ki sa kap vini pou mwen apre, men mwen konnen mwen pral pran lespri ak richès Vil Nouyòk avèk mwen nenpòt kote ak tout kote mwen ale.

Se te yon onè pou tout lavi mwen pou m te sèvi kòm Chanselye ou. Mwen rekonesan pou chak grenn nan nou.

Avèk senserite,

Richard A. Carranza

Chanselye

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk